



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 15/09/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PIBLIKASYON PLAN DIREKTÈ POU KAPTE VAN OLAJ ZÒN KOT ETA NEW YORK LA

Plan dekri apwòch estratejik pou devlope resous van olaj zòn kot yo epi satisfè Estanda Angajman Enèji Pwòp ki gen objektif pou itilize 50 pousan enèji renouvlab anvan 2030

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse piblikasyon Plan Direktè pou Kapte Van Olaj Zòn Kot Eta New York la (New York State Offshore Wind Blueprint). Yo te anonse plan estratejik sa pou lapremyè fwa an 2016 pandan Diskou sou Eta (2016 State of the State), epi li pral fè vanse devlopman van olaj zòn kot New York la. Eta New York la gen kèk nan resous van olaj zòn kot li yo ki pi pisan nan mond lan, sa ki pral kontribiye nan avansman lòd agresif Gouvènè a te pase a pou gen 50 pousan kouran eta ki soti nan resous enèji renouvlab anvan 2030.

Gouvènè Cuomo te di: “New York se yon lidè nasyonal nan konba chanjman klima ak devlopman ekonomi pwòp epi jounen jodi a n ap fè yon gwo pa annavan. Lè nou devlope yon sous enèji van sou lanmè ki solid, nou pral kontinye founi Nouyòkè yo enèji pwòp, ki abòdab epi kreye fondasyon debaz pou yon ekonomi enèji pwòp pwospè. Plan sa reprezante avni New York epi li pral simante wòl nou tankou yon lidè nan endistri enèji renouvlab pou anpil jenerasyon k ap vini yo.”

[Plan Direktè](#) sa kreye fondasyon pou devlopman responsab nan fason pou jenere enèji van solid olaj zòn kot New York la atravè yon Plan Direktè konpreyansif pou Kapte Van Olaj Zòn Kot la (Offshore Wind Master Plan). Pou nou gide devlopman van olaj zòn kot yo nan U.S. epi pou asire patisipasyon kominote konsène yo, Eta New York pran angajman pou reponn a reyaksyon fidbak yon pakèt aksyonè konsène, ki gen ladan konsomatè enèji yo, itilite yo, gwoup pwoteksyon anviwònmantal yo, kominote sou zòn kot yo, pechè pwason komèsyal yo ak endistri maritim lan. Plan direktè a trete sijè ki konsène etid anviwònmantal aktyèl ak sa ki planifye yo, ak opsyon estratejik pou soutni devlopman van sou lanmè ki dirab epi ki byen pozisyonè, ki gen ladan rechèch sou karakteristik ak evalyasyon anplasman yo.

Plan direktè a defini Zòn Detid Olaj Zòn Kot New York la, epi li idantifye Zòn Enèji Van ki andeyò zòn detid yo, ke yo pral revize pou kesyon entèkoneksyon ant rezo yo, valè lajan sa pral koute, ak benefis sa ka rapòte New York. Tout opsyon sa yo enkli nan Plan Direktè Final Van Olaj Zòn Kot la, yo espere k ap fini nan fen 2017.

Prezidan Enèji ak Finans pou New York la (Energy and Finance for New York), Richard Kauffman te di: “Plan Direktè sa se yon pa enpòtan pou asire Eta New York la pral reyalize objektif agresif pou enèji pwòp li genyen yo sou lidèchip Gouvènè Cuomo a. Van olaj zòn kot la yo pral yon kontribitè enpòtan pou atenn egzijans Estanda Enèji Pwòp Eta pou founi 50 pousan nan demand elektrisite leta apati enèji renouvlab anvan 2030.”

An jen, Ajans pou Rechèch ak Devlopman Enèji nan Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te anonse entansyon l pou l patisipe nan vant ozanchè Ajans Jesyon Enèji sou Lanmè ki nan Ministè Enteryè a te òganize pou yon Anplasan Konvnan pou Enèji Van ki mezire 81 000 kawo tè, epi ki sitiye nan yon distans 12 mil olaj zòn kot Long Island lan. NYSERDA se premye etablisman eta ki patisipe nan yon vant ozanchè BOEM. Si yo ta genyen nan vant ozanchè sa, NYSERDA pral kapab jere devlopman ak kalandriye pwogrè k ap fèt sou anplasan sa, l ap ka asire ke nenpòt pwojè k ap fèt ap konsepsyone nan entansyon pou founi elektrisite nan pri ki pi ba posib pandan y ap pwoteje anviwonman epi agrandi ekonomi an. Plan direktè a pral ede enfòm NYSERDA sou pwosesis vant ozanchè sa a.

Nan kad travay anvan devlopman l ap fè yo, NYSERDA pral pibliye etid anviwònman, evalyasyon resous, ak karakterizasyon anplasan yo pou yo ka plis redwi depans ak enpak yo. NYSERDA pral rasanble rezilta sa yo selon yon mekanism pouvw dacha, epi y ap chwazi yon devlopè pwojè atravè yon pwosesis konpetitif. Estrateji sa pral minimize risk pwojè a yo, epi bay devlopè yo asirans yo bezwen pou sekirize finansman, sa ki pral maksimize konpetisyon epi alafen bese pri pwojè a pou konsomatè yo.

Anplis de sa, nan kad angajman New York pran pou reponn a preyokipasyon moun genyen sou enpak ki posib nan kaptaj van olaj zòn kot yo, NYSERDA nan pwosesis pi gwo ankèt dijital sou obzèvasyon ayeryèn betay maritim k ap fèt nan mond lan. Premye seri ankèt sa te fini an out. Ankèt sa te fèt nan 16 000 mil kare olaj zòn kot Long Island lan, epi li pral founi done debaz sou betay maritim. Yo pral itilize aparèy ayeryen, pou fè foto ki gen bon jan rezolisyon pou kolekte done sou zwazo, mamifè maritim yo, tòti lanmè, pwason, ak lòt betay maritim yo jwenn olaj zòn kot yo. Yo pral fè jan de ankèt sa kat fwa pa ane pandan twa zan, epi y ap itilize teknoloji detektè ak dijital ki pi resan yo ansanm ak ankèt vizyèl lòt eta ak òganizasyon federal yo te òganize.

Prezidan ak PDG NYSERDA, John B. Rhodes te di: “Van olaj zòn kot yo ofri anpil potansyèl pou ede Eta New York la satisfè objektif Gouvènè Cuomo genyen pou mennen alatè peyi a nan pwodiksyon 50 pousan enèji renouvlab anvan 2030 lan. Plan direktè sa ap eksplike kijan New York pral eksplwate enèji pwòp, ki pa koute chè nan yon fason responsab apati van olaj zòn kot yo, epi pouse devlopman enèji pwòp la pou l benefisye tout Nouyòkè, epi konbat danje chanjman nan klima pote yo.”

Delege Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal Eta New York la (New York State Department of Environmental Conservation), Basil Seggos te di: “Yon devlopman

enèji renouvlab ki byen pozisyonè enpòtan anpil pou efò konpreyansif eta ap fè pou fè fas a chanjman klimatik yo. Atravè kreyasyon Plan Daksyon sou Lanmè a, DEC ak patnè l yo ap kontinye travay avèk anpil aksyonè konsèn pou idantifye abita maritim vilnerab yo dwe evite pandan devlopman enèji potansyèl sa yo ap fèt. Nou ap atann nou pou n travay ak NYSERDA, DOS, endistri lapèch komèsyal ak lòt patnè yo pandan pwosesis sa ap avanse, pou n asire devlopman potansyèl enèji sa yo pa degrade ekosistèm maritim nou an ki trè enpòtan pou ekonomi an.”

Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado te di: “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou angajman l pran pou l fè Eta New York vin yon lidè nan enèji renouvlab. Plan direktè sa ap bay Eta yon chimen klè pou kapte enèji van olaj zòn kot yo ki pwòp epi ki abòdab, epi tout kominote Nouyòkè yo pral benefisye pandan anpil jenerasyon alavni. Depatman Eta ap atann pou l gide efò Eta ap fè yo sou Fòs Operasyonèl pou Enèji Renouvlab Olaj Zòn Kot BOEM la pandan n ap asire konsesyon van olaj zòn kot yo avanse efikasan epi plase yo nan anplasman ki pi konvenab yo.”

Konsènan Vizyon Refòm Enèji a

Refòm Vizyon Enèji a se estrateji Gouvènè Andrew M. Cuomo mete sou pye pou li domine chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York la. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo lè nou favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou enèji solèy, van ak lòt metòd enèji efikas, anpati akòz New York adopte resaman Estanda Enèji Pwòp la ki egzije Eta pou l jenere 50% nan kantite elektrisite leta bezwen apati enèji renouvlab anvan 2030. Deja, REV te pèmèt 600% kwasans sou tout mache enèji solèy nan tout eta a, ki te pèmèt 105 000 fanmi ki gen revni ba yo bese pri fakti elektrisite yo nèt gras a itilizasyon enèji efikas, epi kreye demilye pòs travay nan manifakti, enjenyè, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire ke Leta New York redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan anvan 2030 epi atenn objektif sible sou echèl entènasyonal pou redwi degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan anvan 2050. Pou jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak investisman 5.3 milya dola Gouvènè a otorize pou teknoloji enèji pwòp ak inovasyon an yo, tanpri vizite www.ny.gov/REV4NY epi swiv nou sou [@Rev4NY](https://twitter.com/Rev4NY).

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418